

ÈD POU EDE W PRAN DESIZYON LÈ W NAN KLINIK

Pale avèk doktè a

Èske se pou w fè tès PSA a ?



Nouvo rechèch ap chanje kijan founisè sèvi ak tès PSA (antijèn pwostat espesifik osinon nan lang anglè prostate-specific antigen) a. Li pa yon tès òdinè ki fèt otomatikman nan konsiltasyon -men, se yon bagay pou deside si ou vle fe l. Pale sa avèk pwofesyonèl swen medikal la pandan randevou ou an.



Kisa tès PSA a ye ?

Se yon analiz san li ye. Li kontwòle nivo pwoteyin (antijèn pwostat espesifik) pwostat mesye a pwodwi. Pafwa lè nivo a wo li gendwa endike yon pi gwo chans pou l gen kansè nan pwostat.



Kisa pou m fè ?

Pale avèk doktè k ap swiv ou a sou tès la. Aprann ki avantaj ak nwizans ki posib, ak risk pèsònèl ou a pou w gen kansè nan pwostat. Epi deside si tès la yon vo lapenn pou ou.



Ki pwoblèm ki genyen ?

Si w gen yon nivo PSA ki wo, pwochen etap la gendwa se yon biyopsi ak tretman pou kansè. Yo gendwa pa nesesè.

Anvan w pale avèk pwofesyonèl swen medikal la

Kòmanse reponn detwa kesyon sa yo. Alò aprann plis enfòmasyon o vèsò fèy papye sa a sou tès PSA a.

Èske w gen chans pou w gen kansè nan pwostat ? Tankou :

1. Èske w gen fanmi ki souffri kansè nan pwostat ?

(ansèkle tout repons ki koresponn ak oumenm)

Wi

Non

Papa

Frè

Petit gason

Granpè

Lòt mesye _____

2. Èske w afwo-ameriken osinon nwa ?

Wi

Non

3. Èske nivo PSA ou a te janm wo oparavan ?

Wi

Non

Pa konnen

Lòt bagay pou konsidere :

4. Ki enkyetid ou genyen pou w gen kansè nan pwostat ?

Anpil

Konsi konsa

Pa anpil

5. Lè w pran yon desizyon sou sante w, èske w pale sa anvan avèk yon moun – tankou madanm ou, menaj ou, osinon zanmi? Ak kilès? (ekri repons ou an (sou liy ki) adwat la nan seksyon blanch lan)

Mwen vle fè tout tès medikal mwen gendwa fè - sa ban m lapèdespri.

Mwen aksepte jan bagay yo pase e m pa mande pou m fè tès amwenske pwofesyonèl swen medikal la rekòmande pou m fè yo.

6. Kijan w ta dekri tèt ou ?

(ansèkle youn)

Kesyon anpil moun genyen sou tè PSA a

Si tè PSA a kapab di m si gen chans pou m gen kansè nan pwostat, pouki pou m pa ta vle fè tè la ?

Tè PSA a pa kapab vreman di w si w gen kansè nan pwostat. Anpil bagay gendwa lakòz yon nivo PSA ki wo. Kansè se youn nan yo. Sèl metòd pou n konnen si w gen kansè nan pwostat se si w fè yon biyopsi.

Alò ki avantaj ki genyen nan tè PSA a ?

Yon PSA ki wo gendwa yon siy ki di gen yon kalite kansè ki danjre. Tè la gendwa ede w dekouvri l bonè, nan lè li pi fasil pou geri.

Apa de yon nivo PSA ki wo, ki lòt bagay ogmante chans mwen pou w gen kansè nan pwostat ?

Si w gen fanmi ki janm gen kansè nan pwostat - sitou si se frè w lan ki te genyen l - risk pou w genyen l 2 a 3 fwa pi plis. Si w afwo-ameriken osinon nwa, risk ou 50% pi plis. Risk pou gen kansè nan pwostat ogmante nan laj, sitou aprè laj 50 an.

Men PSA a pa plis pase yon analiz san - pouki pou pa fè l pou ka an sekirite ?

Tè la limenm li fasil. Nwizans yo vini aprè. Si rezilta tè ou fè a wo, **tè la pa kapab di w si se poutèt kansè osinon yon lòt bagay.** Pou ka sèten, ou ta dwe fè swa plis tè oswa yon biyopsi nan pwostat la. Yon biyopsi ki bay rezilta pozitif pou kansè nan pwostat gendwa mande pou w swiv tretman - reyon osinon operasyon - ki gendwa pa ba w pyès avantaj. Tretman an gendwa lakòz konplikasyon imedya epi gendwa ba w efè segondè ki rete lontan.

Ki efè segondè tè pou PSA a gendwa okazyone ?

Kèk mesye ki resevwa tretman gendwa vin gen pwoblèm pou yo pipi - yo gendwa gen pèt pipi osinon pèdi kontwòl blad pipi pa yo a. Yo gendwa gen pwoblèm seksyèl - tankou enpwisans (pwoblèm pou bande pandan y ap fè lanmou). Raman, mesye gen pwoblèm ki pi grav, kou enfeksyon, boul san, ak kriz kadyak.

Kijan pou m pran yon desizyon ?

Pa gen yon repons ki fasil. Pwofesyonèl swen medikal yo toujou ap fè etid sou ki miyè mwayen an pou sèvi ak tè pou PSA a. **Men pa inyore pwoblèm lan.** Ranseye w sou tè la. Palè avèk pwofesyonèl swen medikal w la, fanmi w, ak zanmi w. Deside kisa ki pi bon pou oumenm.

Jwenn plis ransèyman sou tè PSA a nan :

www.mass.gov/cancerscreenings

Devlopman dokimantasyon sa a te patwonnen pa Centers for Disease Control and Prevention (CDC) Cooperative Agreement Number U58DP003920-03.

Tè PSA a gen avantaj ak risk :

Daprè yon etid ki fèt

sou chak
1000

mesye ki fè tè PSA

sou 10 lane :



30 oswa **plis**

ap dyagnostike ak kansè nan pwostat epi gendwa jwenn tretman ki nwizib epi pa founi pyès avantaj.

→ Efè segondè

ki gendwa genyen nan tretman an se :



Enkontinans

(pèt pipi ak pipi san kontwòl)



Enpwisans

(pwoblèm pou kenbe yon bann le w ap fè lanmou)



Boul san ak kriz

kadyak

Se pa yon **desizyon senp.**

Men se youn **ki enpòtan.**

Pale avèk pwofesyonèl swen medikal la.



Deside pou tet ou.